# dananñu indi jenn waay ëllëg bis-pénc, sànni ko ca sawara, buttiti biir yi tasaaroo, mu koy wër kem ni mbaam di wëre ci takkuwaayam

Jële nañu ci Usaamata Ibn Saydin yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: dañu ko wax ne ko: tee ngaa dugg fi Usmaan wax ak moom? Mu ne: xanaa gisuleen man duma wax ak moom lu dul ne dégtal naa leen ko? Giñ ci Yàlla ne wax naa ak moom ci sama diggante ak moom, te duma tijji am mbir mom bëgguma ko a njëkk a tijji, te duma wax kenn ku ma jiite naan ko: moo gën ci nit ñi ginnaaw ba ma déggee Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc di wax naan: "danañu indi jenn waay ëllëg bis-pénc, sànni ko ca sawara, buttiti biir yi tasaaroo, mu koy wër kem ni mbaam di wëre ci takkuwaayam, waa sawara daje fa moom, naan ko: yaw diw lan moo la dal? Xanaa du yaa nu daan digal lu baax di nu tere lu bon? Mu ne: ahakay, dama leen daan digal lu baax te daawuma ko def, daan leen tere lu bon ba noppi di ko def".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Dañoo wax Usaamata Ibn Saydin yal na leen Yàlla dollee gërëm ne ko: xanaa doo dugg fa Usmaan Ibn Affaan yal na ko Yàlla dollee gërëm wax ak moom ci fitna ji am ci diggante nit ñi ak mu dox ci fay ko mu jeex, mu xamal leen ne wax na ak moom cig nëbbu ngir sàkku yéwénal ci lu dul yëkkati finna, jubluwaayam mooy bëggut a biral weddi njiit li ci mbooloo mi, muy nekk sababus kawe-kawelu ci kaw njiit xalifa bi, te loolu buntu fitna la ak ay gog bëgguma a nekk ku koy njëkk a tijji. Usaamata yal na ko Yàlla dollee gërëm: ne moom day laabire njiit yi cig nëbbu waaye du naxante ak kenn donte njiit la, te du leen siiru ba leen di tagg ci seen kanam ci ag neen, ginnaaw bi mu déggee Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ëllëg bis-pénc danañu indi jenn waay, sànni ko sawara, butitam yi génn ci biir bi génn gu gaaw ngir tarug tàngaay wi ak tarug mbugal mi, mu wër butitam yi ci anam googu ci biir sawara kem ni mbaam di wëre yeewukaayam bay xeeru mooñukaay ba, waa sawara dajaloo wër ko, mel ni kurel bu ko wër, ñu koy laaj: yaw diw, xanaa du yaa doon digle lu baax di tere lu bon? Mu wax ne: dama doon digle lu baax te daawuma ko def, daan tere lu bon ba noppi di ko def.

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY

لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC
E-Da'wah Committee